



Pou Piblikasyon Imedya: 11/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ RANPLASTMAN PON KI  
KOUTE 38 MILYON DOLA SOU SAW MILL RIVER PARKWAY NAN KONTE  
WESTCHESTER**

*De nouvo pon ant Sòti 26 & 28 nan Pleasantville amelyore rezistans kont  
evènman move tan yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke gwo konstriksyon te fini sou de nouvo pon ki pote Saw Mill River Parkway sou Saw Mill River nan Vilaj Pleasantville, Konte Westchester. Sitiye ant Sòti 26 & 28 sou pakway la, nouvo pon yo ak yon nouvo twonson estabilize ki mezire 2 km sou platfòm wout adjasan an nan de estrikti yo pral amelyore sekirite ak amelyore rezistans otou yon atè transpò enpòtan ki bay aksè ak Pon Gouvènè Mario M. Cuomo ak Thruway Eta New York ki te gen tandans sibi inondasyon pandan gwo lapli yo. Travay la, ki te koute apeprè 38 milyon dola, te fèt nan kad yon pwojè 115 milyon dola sou yon baz kontinyèl pou ranplase oswa renove plizyè pon nan sid Konte Westchester pou pi byen kenbe tèt ak move tan yo ak amelyore vwayaj atravè koridò ki okipe anpil la.

"Vwayajè Konte Westchester yo twò abitye ak istwa inondasyon Saw Mill River Parkway la pandan gwo tanpèt lapli ak vwayaj tèt fè mal ki asosye ak li", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ak finisman de nouvo pon sa yo, n ap ekri yon nouvo chapit nan istwa Saw Mill la - rann li pi rezistan fas ak move tan epi ranfòse atè vwayaj enpòtan sa a pandan plizyè deseni."

Kòmanse nan sezon ete an 2020, pwojè a te ranplase de pon ki te konstwi an 1930 ak pon modèn ki gen pout an asye ak yon sèl travès ki mezire plizyè pye pi wo pase estrikti oriijinal yo epi ki pi byen kapab kenbe tèt ak inondasyon. Wout adjasan an, ki te gen tandans pou sibi inondasyon, te estabilize ak prèske 5000 pil bwa ke yo te mete nan yon kouch tè ki pi solid. Yo te ajoute tou nouvo sistèm drenaj ki gen plis kapasite pou akomode dlo lapli. Pandan konstriksyon, yo te resikle asfalt ki soti nan pon oriijinal yo epi yo te itilize sou tab wout la pou nouvo pon yo epi yo te plante espès vejetasyon natif yo pou ede anbeli ak pwoteje peyizaj la.

Kòm yon pati nan pi gwo [Gwoup Pon nan Sid Westchester](#), Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York la te ranplase pon East Lincoln Avenue tou sou Hutchinson River Parkway ak Hutchinson River nan Vilaj Pelham ak Vil

Mount Vernon, epi se nan pwosesis pou ranplase pon U.S. Route 1 sou Rivyè Mamaroneck nan Mamaroneck. Pwojè sa yo, ki konsantre amelyorasyon drenaj ak rekonstriksyon wout ki gen tandans inonde, pral ranfòse sekirite ak amelyore rezistans rejon an pandan evènman tanpèt yo. Pwojè a an jeneral sipoze fini anvan finisman ane 2023 a.

**Komisè Depatman Transpò Eta New York Ia, Marie Therese Dominguez, te deklare**, "Gouvènè Hochul konprann wòl enpòtan ke enfrastrikti jwe nan byennèt yon kominote ak ki jan li enpòtan pou nou rebati li pi byen pou konfwonte menas k ap grandi ke chanjman klimatik la poze. Lè nou amelyore rezistans rezo transpò nou an ak envestisman estratejik tankou sa a nan Konte Westchester, nou ede kenbe moun ak machandiz yo an mouvman kèlkeswa enpak move tan yo."

**Senatè Eta, Jamaal Bailey, te deklare**, "Rezo transpò ki rezistans yo enpòtan anpil pou konstwi kominote k ap pwospere. Finisman pwojè ranplasman pon sou Saw Mill River Parkway la se yon etap enpòtan pou konte Westchester. Pwojè sa a, anplis pwojè renovasyon pon k ap kontinye nan tout Westchester, pral ede abòde plizyè dizèn ane pwoblèm inondasyon ak drenaj ki te toumante vwayajè yo depi lontan epi ede mennen enfrastrikti transpò nou an nan yon novo epòk rezistans ak sekirite amelyore pou vwayajè yo. Mwen vle remèsyé Gouvènè Kathy Hochul, Depatman Transpò Eta New York Ia, ak patnè Eta ak Konte nou yo pou devouman yo pou finisman avèk siksè pwojè sa a."

**Senatè Eta a Shelley Mayer, te deklare**, "Mwen kontan anons jodi a ke Pwojè Ranplasman Pon Gouvènè a sou Saw Mill River Parkway la te fini epi gen travay k ap fèt kounye a pou amelyore pon US Route 1 lan nan distri mwen an nan Vilaj Mamaroneck Ia. Sekirite ak rezistans kont inondasyon se pi gwo priyrite nan tout kominote nou yo, epi pon nou yo ak wout nou yo bezwen amelyore pou fè fas ak vrè defi ogmantasyon inondasyon an. Mwen apresye lefètke Gouvènè Hochul ak Depatman Transpò a ap envesti nan amelyorasyon sa yo nan tout Westchester, kote inondasyon wout la rete yon pwoblèm ki pèsistan. Mwen remèsyé Komisè a ak anplwaye Depatman Transpò New York la ak tout moun ki te travay sou pwojè sa yo pou efò yo fè pou asire pon sa yo an sekirite epi rezistan pou moun yo nan Westchester ak Eta New York."

**Manm Asanble Mary Jane Shimsky, te deklare**, "Avèk finisman pwojè ranplasman pon an, Eta New York te adrese yon tronson ki istorikman ki gen tandans sibi inondasyon nan Saw Mill River Parkway, pou ede moun Pleasantville ak tout moun k ap vwayaje nan zòn nan. Konstriksyon te long epi difisil pou moun ki itilize Parkway la ansanm ak rezidan yo nan zòn nan, men nouvo pon yo ak sifas wout ki fèk estabilize yo pral fè lavi yo pi bon. Pwojè sa a se yon bèle egzanz sou kalite envèstisman nou dwe kontinye fè, pou rebati enfrastrikti nou an yon fason ki rezistan fas ak klima ak bon pou anviwònman an. Mwen felisite administrasyon Gouvènè Hochul ak Depatman Transpò a pou angajman yo pran nan amelyore enfrastrikti ki aje nan distri mwen an ak nan tout rejon nou an."

**Manm Asanble J. Gary Pretlow te deklare**, "Gouvènè Hochul kontinye amelyore enfrastrikti zòn enpòtan yo nan eta nou an pou elaji kalite lavi pou tout moun. Rezidan distri 89èm Asanble yo itilize Saw Mill River Parkway pou plizyè rezon. Mwen kontan dèské sekirite pa yo ak tout Nouyòkè yo te amelyore gras ak finisman de nouvo pon yo. 89èm Distri Asanble a apresye travay ki fèt nan distri nou an, nan Westchester, ak eta a, epi nou tout pa ka tann plis devlopman ane sa a."

Nou ankouraje otomobilis yo anpil pou yo ralanti epi kondui nan yon fason responsab nan zòn travay yo. Kontravansyon yo double lè gen eksè vitès nan yon zòn travay. Kondanasyon pou de (2) oswa plis vyolasyon eksè vitès nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans chofè yon moun.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite [www.511NY.org](http://www.511NY.org) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la. Suiv DOT Eta New York la sou Twitter: [@NYSDOT](https://twitter.com/NYSDOT) ak [@NYSDOTHV](https://twitter.com/NYSDOTHV). Jwenn NYSDOT sou Facebook nan [facebook.com/NYSDOT](https://facebook.com/NYSDOT).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)